

**(Lyen Lakay) Inite 3: Van ak Dlo: Semèn 1**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou van ak dlo. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u> (Anrapò ak liv: <i>Gilberto and the Wind</i>)</p> <p>Imajine ou se... Imajine ou se van. Pandan w ap soufle, mande pitit ou an pou l bouje kòl tankou yon fèy bwa, yon pyebwa, yon wòch, oseyan an, yon blad, yon parapli, yon zèb wo, yon kap.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Se ki jan w ap bouje kò w? ● Se ki jan mouvman w chanje parapò ak fòs van an? 	<p style="text-align: center;"><u>Dekouvèt</u> (Anrapò ak liv: <i>Gilberto and the Wind</i>)</p> <p>Se Ki Sa Lè Ka Bouje?: Kolekte diferan kalite objè (pa egzanp: boul koton, yon mamit, bouchon boutèy, yon bwat, yon zorye, papye). Sèvi ak yon sechwa, yon vantilatè, oswa pwòp souf pa w pou w soufle van sou chak objè. Pami mo nou kapab itilize pandan konvèsasyon nou ansanm se: lè, frechè, van, (avèk)fòs, lou, lejè, fò, fèb, souf, vitès.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Èske w panse lè a ap bouje objè sa a? Pou ki sa w di wi oswa non? ● Ki sa w note? ● Ki jan de bagay van an te bouje nan istwa <i>Gilberto and the Wind</i> nan?
<p style="text-align: center;"><u>Pale epi Li Ansanm (20 minit)</u></p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki pati w pi renmen nan istwa a? ● Ki premye bagay ki pase nan istwa a? ● Ki sa w panse ki ka rive aprè? 	
<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Jwèt Sote Selon Chif:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Montre pitit ou an yon chif ant 0 ak 7 sou dwèt ou epi mande l pou l sote selon kantite sa a. 2. Ekri yon nimewo ant 0 ak 7 epi montre l bay pitit ou. Mande l pou l sote selon kantite sa a. 3. Desine ant 0 jiska 7 sèk epi mande pitit ou an pou l sote selon kantite sa a. <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Konbyen w wè? ● Kòman w fè konn sa? 	

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou van ak dlo!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Gilberto and the Wind ekriven: Marie Hall Ets
One Dark Night ekriven: Hazel Hutchins
Bringing the Rain to Kapiti Plain ekriven: Verna Aaderma

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

The Wind Blew ekriven: Pat Hutchins
A Rainbow of My Own ekriven: Don Freeman
The Cloud ekriven: Eric Carle

Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **‘gust’** se yon kout van rapid.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Pou ki sa w panse van an pa t ap kowopere ak Gilberto?”